АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№47 (10041)

РУЗМАН

18 ноябрь 2022 сон

24 РАБИУЛЬ-АХИР 1444 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багъа эркенаб

■ ДАНДЕЛЪИ

## Инсанасул ихтиярал цIуниялде ва жамгIият цебетIеялде бербалагьи

**АрбагI къоялъ нилъер районалда тIобитIана Дагъистаналъул бетIерасул нухмалъиялда гъоркь бугеб, инсанасул ихтиярал цIуниялъул ва жамгIият цебетIезабиялъул Советалъул вакилзабигун дандчIвай.**



Гьенире ахIун рукIана райадминистрациялъул хIалтIухъаби, жамгIиял хIаракатчагIи ва идарабазул нухмалъулел.

Данделъиялда цебе лъуна жамгIият цебетIезабиялъе санагIатал шартIал чIезариялъул цо чанго суал.

Гьел суалал районалъул жамгIиял церехъабигун данд разе мурадалда щварал гьалбаллъун рукIана ДРялъул бетIерасул нухмалъиялда бугеб, жамгIият цебетIеялъе ва гIадамазул ихтиярал цIуниялъе гIуцIараб Советалъул нухмалъулев Зикрула Ильясов, гьебго Советалъул гIахьалчагIи МухIамадхIабиб Халидов, АхIмад МуртазгIалиев ва Раисат ГIусманова.

Экономикияб, политикияб ва жамгIияб рахъазда гIадамазул ихтиярал цIуниялъул цойги районазда гьадиналго дандчIваял тIоритIанин ва гьенир рехсарал суалал республикаялъул нухмалъиялда цере лъезе ругин бицана тIаде щвараз.

Данделъи рагьана ва нухда бачана районалъул бетIер МухIамад ХIасановас. Гьес баян кьуна районалда ВатIан бокьи загьир гьарулел тадбирал гIуцIиялъул. Гьединго, Шамил район буго Украиналда уneб бугеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел гIолилазе кумекалъе рагьараб районалъул фондалъул хIалтIи.

«Нилъ киналго руго Россиялъул гражданал ва нилъер щивасда бараб буго ВатIаналъул цебетIей. Районцояз кIудияб бутIа лъолеб буго фронталда ругел гIолилазе кумек гьабиялъулъ,-илан абуна МухIамад ХIасановас, фондалъул хIалтIул къокъабго баян тIаде рачIаразе кьолаго.

Республикаялда инсанасул ихтиярал цIуниялъул ва жамгIият цебетIезабиялъул Советалъул хIалтIул баян кьуна гьеб Советалъул нухмалъулев Зикрула Ильясовас.

«Экономикияб цебетIеялъулъ ва жамгIияб рахъалъ Шамил район буго цересезул кьерда. Нужер машгьурал районцоял– М.Танкаев, М ГIабдуразакъов, ХI. Хашаев, С.Абакаров, ХI.ГIарипов, С.Асиятилов, М.АхIматIов, ГI.ГIалиев, М.МухIамадов, Х.Къабидова, Г.Хашаев, ГI.Давудов ва жеги гIемерал гIун бачIунеб гIелалъе мисалалъе росизе рекъарал къадруял ракьцоял хутIана тIолго республикаялъе чIухIилъун. Гьединго, Шамил район буго шайихзабазул, машгьурал гIалимзабазул ва диниял церехъабазул баракатаб ракь, - ин лъикIаб къимат кьун рехсана гьез нилъер районцоял. Республикаялда инсанасул ихтиярал цIуниялъе ва жамгIият цолъиялъе жидецаго гьабулеб бугеб хIалтIулги бицана З.Ильясовас.

(Ахир 3-леб гьум.)

■ РОСДАЛ МАГIИШАТ

## Гьидерил мухъалда дандчIвай

**Газеталъул цересел номеразда нижеца кьун рукIана Къелеб мухъалда ва гIурисезул рахъалда гIи-боцIухъабигун гьарурал лъикIал дандчIваязул.**

Гьединабго дандчIвай тIобитIана арал гIодоркъоязгьидерил мухъалдехунги.

12-леб ноябралъ гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда тIобитIана МачIада Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб лагералда гIи-боцIухъаби, маданияталъул хIалтIухъаби ва пресса гIахьаллъараб аваданаб дандчIвай. Тадбиралда рукIана ГьентIа, ТIидиб, ГIурада, ХIотода ва МачIада росабазул магIишатчагIи.

Данделъиялда рорхана росдал магIишатчагIазе кIвар бугел суалал, бицана гIагараб заманалда ва хадубккунги гьабизе бугелъул. ГIи-боцIухъабазе жакъа къоялъ ругел аслиял захIмалъабиги рехсана дандчIваялда.

Тадбир гIуцIун букIана районалъул росдал магIишаталъул отделалъ.

ГIи-боцIухъанлъиялъе чIезарун ругел шартIазухъ кечI-бакъан. Тадбиралде щвана ГIарип ГIарипов, ГIарип ГIабдулхаликъов, Сакинат ГIумарова, Муслимат



хал гьаби гуребги, цоги сапаралъул мурад букIана гIи-боцIухъабазул, росдал магIишатчагIазул хIалтIул къадру-къимат борхизабизе ва гьезие баркалаялъул кагъталгун шапакъатал кьей.

ХIебда маданияталъул нухмалъулез дандчIваялде хIадурун букIана лъикIаб ХIажиева ва цогидал цIар рагIарал районалъул кочIохъаби. РакI аваданлъулеб, свак чучулеб ва гьудуллъиялъе квербакъулеб ахIвал-хIалалда тIобитIана гьидерил росабазул магIишатчагIазулгун дандчIвай.

(Ахир 2-леб гьум.)

■ «КИНАБГО ФРОНТАЛЪЕ-КИНАБГО БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪЕ»

## Фондалъул хIалтIул баян

**Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялъул нилъер районалдаса гIахьалчагIазе ва мобилизациялде гъорлъе ккаразул хъизанасе кумекалъе гIуцIараб рухIияб фонд жигарлъиялда хIалтIулеб буго районалда.**



Жакъасеб номералдаги кьолеб буго «Кинабго фронталъе-кинабго Бергьенлъиялъе» фондалъул хIалтIул баян.



16 ноябралде фондалда данделъун буго 719790 гъурущ.

КIудияб жигарчилъи бихьизабуна фондалъе гIарац бакIариялъул рахъалъ районалъул лъайкьеялъул отделалъ. Лъайкьеялъул отделалда гъорлъе унел районалъул киналго школаз, садиказ, ДЮСШяз, ва искусствоялъул школаз гIаммгьабун фондалъе бачIана бищун цIикIкIарасеб къадар гIарцул, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будунов – 10азарго гъ, МФЦ-3 азарго гъ., РУЭС -3 азарго гъ., ЦЗН -5азарго гъурущ.

Иргадулаб гуманитарияб кумекалъулаб къайи ана араб анкьалъги нилъер районалдаса Украиналда спецоперациялда гIахьаллъулел нилъер рагъухъабазе битIун.

11 ноябралъ районалъул «Кинабго фронталъе-кинабго Бергьенлъиялъе» фондалъ райадминистрациялда бугеб гуманитарияб кумек бакIарулеб пункталдаса республикаялъулаб пункталде къайиялъул цIун битIун ана машина. Гьенисан хадубккун нилъер рагъухъаби ругеб бакIалде битIизе буго гьеб къайи.

ЦIорораб заманалъе хIажатаб хинаб ретIелги, футболкаби, хинал щватаби, фонарал, ва рацIцIа-ракъалъиялъе къайи ана рагъугъурщиде ккана гIаммгьабун гьаб нухалъ араб къайи. Хадубккунги гьенир ругел нилъер гIолилазе кверчIвай ва гуманитарияб кумек букIине буго.

Гьединго, мобилизациялда рекъон районалдаса арал 12-язул хъизамазе кьун букIана анцI-анцIазарго гъурущ, гьелдаса хадур арал лъабгоязул хъизамазе райадминистрациялде ахIун, кьуна къо-къо азарго гъ, ва цереккун анцI-анцI кьун букIаразе гьедигIанго жеги тIаде жубана.

«Кинабго фронталъе-кинабго Бергьенлъиялъе» фондалъул хIалтIул баян хадубккунги моцIида жаниб кIиго нухалъ газеталдаса кьезе буго.

Гьеб гIаммаб ишалъулъ гIахьаллъи гьабизе бокьараз гIарац рехизе бегьула гьаб счеталде:

2200 3803 9140 2625 (Россельхозбанк, Алиев Али Дибиргаджиевич), ялъуни гьаб номералда:

+7 (964) 015-39-09

Гьединго, ХIебда райадминистрациялда рагьун буго хIажатабщинаб бакIаризе пункт.

П. ЖАМАЛУДИНОВА

■ ДАНДЕЛЪИ

# Хаслихълъиялъул призыв

**15-леб ноябралъ райадминистрациялда тIобитIана хаслихълъиялъул призывалъул комиссиялъулаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, районалъул бетIерасул заместитель ГIабдуразакъ Рамазанов, прокурорасул заместитель ХIусен ГIонжолов, рагъулав комиссар Арсен МухIамадов, цо-цо росабазул бегавулзаби, ВУСалъул, администрациялъул, лъайкьеялъул ва медицинаялъул хIалтIухъаби.**



ХIинкъи гьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул заместитель ГI. Рамазановас гьабураб хIалтIул мухIканаб баян кьуна данделъиялъул гIахьалчагIазе. ГI.Рамазановасул ратIабазда рекъон, щивав росдал бетIерасухъе ва ВУСалъул хIалтIухъабазухъе щвезарун руго жидерго росдал гIолилазухъе ругел призывалъулал повесткаби.

«Нилъеда тIадаб буго гьаб хIалтIи мухIканго тIубазе, призывалда хурхун ругелщинал суалазе халкъалъе бичIчIи кьеялъулал хIалтIаби гьаризе рухIиял ва жамгIиял церехъабигун. Щивасда лъан букIине кко ла армиялда хъулухъ тIубаялъулги, Украиналда унеб спецоперациялъулги щибго бухьен гьечIеблъи, гьел гьенире ритIизе кигIан дагьабги ресги гьечIеблъи», - ян бицана прокурорасул заместителас.

Данделъаразул суалазе жавабал кьуна ва цадахъаб хIалтIи гIуцIиялде кIвар кьезе ккелин лъазабуна районалъул бетIерасги.

РФялъул рагъулал къуватазде хъулухъалде росула 18ялдаса -27 санazде щвезегIан гIолилал.

Военкоматалда унеб буго призывниказул сахлъиялъул хал гьабулеб медицинаялъул комиссия. Комиссиялде ахIилелде гьезухъе щвезарула повесткаби. Гьединго, военкоматалъул медкомиссиялъ цIехола гIолилазул амбулаториябгин карта, гIаммгьабунги гьезул сахлъиялъухъ хал гьабизе. Комиссиялъ хIукму гьабула ялъуни армиялде витIизе, ялъуни жегиги медицинаялъулаб цIехрех гьабиялъе.

Хаслихълъиялъулаб призыв байбихьана 1-себ ноябралдаса ва халалъизе буго 2022 соналъул декабрь моцI лъугIизегIан. ГIадатаб куцалъ призыв байбихьулеб букIана 1-себ октябралдаса, амма исана Россиялда бугеб мобилизациялда сверухъ военкоматазда бугеб гIемераб хIалтIуца моцIица нахъ бахъун ккана.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ РОСДАЛ МАГIИШАТ

# ГьидерилLмухъалда дандчIвай



(Байбихьи 1-себ гьум.)

ХIалтIул лъикIал хIасилал ругел магIишатчагIазе районалъул нухмалъиялъул рахъалдаса ГьитIино МахIачевас баркалаялъул кагътал ва ракIалдещвеялъе сайгъатал кьуна. Гьел ккола ГьентIа КФХялъул нухмалъулев МухIамадтIагьир АхIмадилов, ГьентIа ЛПХялъул бетIер ХIажи МухIамадов, МачIада КФХялъул нухмалъулев ХIасан МухIамадов, МачIада ЛПХялъул бетIер МухIамад Жолохов, ГIурада КФХялъул нухмалъулев МухIамад Ачилаев, ГIурада ЛПХялъул бетIер ХIажи ХIажиев, ТIидиб КФХялъул нухмалъулев ГIабдурахIманхIажи ХIусейнов, ТIидиб ЛПХялъул нухмалъулей ПатIимат ГIалиева ва ХIотода КФХялъул бетIер ХIасан МухIамадов.



«МагIарухъа районалъул магIишатал хъутабазде гочин лъугIана, гIемерисез гьеб автотранспорталда гьабуна. Хасел тIамизе гIатIиракьалде гIицIани щибго ками ва квалквалал ккечIого рорчIана. Гьел тIаде щвелалде гIибоцIухъабазе рукъзалги, хIайваназе кошаралги- кинабго ремонтал гьарун, хIадурун рукIана. Дунял цIороле гIужалде киналго хъутабазда парахалъана.

2022 соналъ районалъул магIишатаз жидерго рацIцIадал нигIматалгун, гIахьаллъи гьабуна кIиго районалъул ва щуго республикаялъул -7 ярмаркабазда.

Жакъа къоялъ районалъул росабалъ магIишатчагIаз тIад бан гьабулеб буго геб, ахал гIезариялъулги бицинчIого гIеларо. Дагъистаналъул мугIрул районал церетIеялъе гIуцIараб программаялда рекъон, хIукуматалдаса кумек щун, ахал гIезаризе документал кьун рукIана 54 чияс, гьезда гьоркьоса 45язе субсидиял щвана. Гьел хIалтIабазе араб анкьалъ Краснодаралъул краялдаса 10400 гIолохъанаб гъветI бачIана районалде ва рехун тун рукIарал ракьал хIалтIизарун, чIолел руго гъутIби ТIидиб, Ругъелда ва цогидал росабалъ. ХIукуматалъул рахъалдаса гьеб кIудияб кверчIвай буго росабалъ магIишат цебетIеялъе», -ян бицана дандчIваялда ГьитIино МахIачевас.

КечI-бакъангун, зурмакъалигун, тIагIамаб кванида нахъа- лъикIаб хIухьбахъи щвана росдал захIматчагIазе ва тIаде рачIанщиназе.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**





■ ДАНДЕЛЪИ

# Инсанасул ихтиярал цIуниялде ва жамгIият цебетIеялде бербалагьи



(Байбихьи 1-себ гьум.)

ДРялъул СПЧялъул президиумалъул член, нилъер районалдаса МухIамадхIабиб Халидовас борхана жакъа къоялъ нилъер районалъул бищун захIматаб хIал бугеб, ГIуриб школа къачIаялъул суал. Гьеб суал тIубазе цебеккунги данделъабазда бищун букIараблъи ва кIвараб кумек гьабизе букIин бичIчIизабуна районалъул бетIерас.

ГIуриса МухIамадхIабиб Халидов ккола МахIачхъалаялда бугеб «Средняя школа «Возрождение» абураб хасаб школалъул директор, ДГПУялъул психологиялъул кафедраялъул профессор, ДРялъул мустахIикъав мугIалим, РФялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан.

Гьелъ, М.Халидовас борхана лъайкьеялъул бутIа цебетIеялъе ва мугIалимзабазул махщел камил гьабиялъе тIоритIизе бегьулел тадбиразул суалги. ГIагараб заманалда гьединал цадахъал тадбирал тIоритIиялде рачIана данделъиялъул гIахьалчагIи.

Дагъистаналдаго бесдалазе гьабулеб бугеб кумекалъул ва гьеб рахъалъ унеб бугеб жигараб хIалтIул бицана «Дагестан без сирот» абураб регионалияб жамгIияб гIуцIиялъул директор Раисат ГIусмановалъ. Цересел саназ нухмалъиялъул кIвар буссунеб букIинчIеб бесдалазул суалазе, гьанжесев ДРялъул бетIер С.Меликовас гьабулеб бугеб кумекалъул бицана: «Цоники соналъ 300-330 ялдаса тIаде кколеб букIинчIо бесдалазе кьолел квартирабазул къадар, исана кьуна 450 квартира». Гьединго, нилъер районалдаги бесдалазе цебеккун щун букIана 8 мина, гьанже республикаялъ гIарацги цIикIкIинабун, мина-къаялъе кIигоязеги тIаде квота бачIана.

Р.ХIамзатовасул литературияб ирс лъазабиялъул Централъул нухмалъулев АхIмад МуртазгIалиевас бицана ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб ДФИЦ РАН Искусствоялъул, мацIалъул ва адабияталъул институталъ гьабулеб бугеб хIалтIул. Расул ХIамзатовасул сонлъун бихьизабун бугеб 2023-леб соналде гьеб Централъ гьабулеб буго кIудияб хIадурлъи. «Р. ХIамзатовасул бищун тIоцебесеб кечIалдаса байбихьун, тIахьазда къватIибегоцин кьун гьечIел хIалтIабазде гIунтIун, кинабго данде бакIарун сборник хIадурун буго нижеца. ТIасияб соналъ букIинеб 100сонилаб Расулил юбилей мустахIикъаб хIалалъ тIобитIизе ракIалда буго» -ян кIалъана А.МуртазгIалиев.

Данделъиялда рорхана росабалъ чара гьечIого гьаризе кколел хIалтIабазул суалалги. ТIадкIалъаял гьаруна районалъул хIаракатчагIаз. Россельхозбанкалъул отделалъул нухмалъулев МухIамад Халидшаевас борхана суал Гьолокь росдае цIияб лъим бачиналъул. Ветераназул Советалъул председатель МухIамадрасул АсхIабовас кьуна цо чанго лъикIаб гьари гIолохъанаб гIел магIарул адабият цIунулеллъун куцаялъе ва миллияб адабият хасаб антологиялде данде бакIариялъул. Гьеб хIалтIи цIакъ мухIканго инеб бугин баян кьуна АхIмад МуртазгIалиевас. ГьитIинамухIамад ХIажиясуловас, Умакусум ГIалибеговалъ жамгIиял гIуцIабазул рахъалдасан баркала загьир гьабуна гьалбадерий.

«Цолъи» газеталъул редактор ПатIимат МухIамадовалъ кIвар буссинабуна авар мацIалдехун гIолилазул рокьи щула гьабизе ккани, рахьдал мацIалда рахъулел тIахьазул къадар цIикIкIинабиялъул суалги.

Киналго суалал къалмидеги росун, республикаялъул нухмалъулезухъе щвезаризе рагIи кьуна Зикрула Ильясовас.

Гьеб лъикIаб тадбиргун ва пайдаял кIалъаялгун рачIарал жамгIияб Советалъул вакилзабазе баркала кьуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановасги.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ ШИГIРИЯБ БОКIОН

# *Инсанасул куркьбал*

Вай кида лъугIулеб
гьаб чIалгIараб дарс?
СагIтихъ буссун буго
дир кIиябго бер.
Вай кида кьабгIулеб
хIасратаб цIумур?
«Эркенлъи»-ян абун къватIиве ине.

КучIдуца сверун ккун
бугеб дир бетIер,
Дарсил темаялде хIалтIулеб гьечIо.
Сабру гьабуниги лъугIулареб дарс,
СагIатищ чIун бугеб, дида лъаларо.

Цо гордухъе бераз речIчIи гьабидал,
Рихьулаан хIанчIи дунял тирулел,
РакIалде кколаан гьелгIан талихIал,
Гьаб гIумруялда жал,
щибго гьечIилан.

Кваркьи хьвагIулаго гьава тирулел,
ХIанчIазул борхалъи дие бакьина,
Гьезул гьел куркьбалги
дунгун цолъани,
ДунгIан талихIав чи ватизе гьечIо.

Гьоболасе нуцIа рагьулеб гIадин,
ТIолабго дуниял рагьила цебе,
Щибаб хIукуматги, щибаб миллатги,
Рахъинаан цере, дий салам кьезе.

ТIабигIат чIухIараб Дагъистаналъул,
БалагьичIеб бокIон дица теларо,
Дихъ балагьун чIарал чияр ракьазде,
Цо сапарги бухьун къокъинаан дун.

Россиялъул чIухIи,
гьелъул тахшагьар,
Москваялъул къватIал
дида рихьила,
ГIатIидаб Европалъ
дун кIодо гьавун,
Дида гъоркь тIугьдузул
тIанса тIамила.

Рокьиялъул шагьар Парижалдехун,
ТIоцебесеб гали дица гьабила,
Англиялъул шагьар чIухIизабураб,
Лондон бакьулъ бугеб
бигбен бихьила.

Италиялда дун свакалъ чIамучIлъун,
ГIодов чIун, хIухь бахъун,
кофе гьекъела.
Швейцариялда дун,
чIухIараб бокIнилъ,
Сордо рогьизегIан тира-сверила.

Россиялъул тарих гъварид гьабураб,
Германия дица гьоркьоб теларо,
Гьелда хадуб бугеб Испаниялъул,
Берцинлъи рехсезе дида кIвеларо.

ГIорхъаби лъалареб, ахирго гьечIеб,
Атлантик океан дица бахина,
Дун къабул гьавизе хIадурун бугеб,
Америкагунги лъай-хъвай гьабила.

Гьенисан гочина Бразилиялде,
ТоргIо хIалезухъа махщел босизе,
Гьелда хадув ина Африкаялде,
Бакъуца чIван лъураб сафар бихьизе.

Туристал рещтIунеб
Истамбулалъ дун,
Жиндирго тарихалъ асир гьавила.
Чванта гIарцул цIураб
гIадамазул ракь,
Меседил кверазул Дубай бихьила.

ГIадамал гIемераб,
гIамал цIикIкIараб,
Китаялде щвела цо дун гьоболлъухъ,
Гьал куркьбал гIадал жал,
хIисаб гьабидал,
УгIаги, хIалчIахъад,
рукIун ругел жал.

Сверулев вукIаго дир гьал гIундузда,
РагIана кIетIолеб цIумуралъул сас,
Къапарал гьал берал дица рагьидал,
Кинаб ДубайгIаги,
цебе гъобго класс.

Гъобго доска буго
хъвай-хъвагIай цIураб,
Гъолго хIанчIи руго
зодихъ роржунел,
Амма бичIчIуларо щай инсанасда,
Рижуларел куркьбал,
гьезул кинигин?

Гьеб суал рагIарав дир мугIалимас,
ГьитIинаб балъголъи рагьана дие:
«Щивасул рукIуна
жиндирго куркьбал,
Щивасул букIуна
жиндир борхалъи».

Гьес абураб жоялъ класс паналъана,
Жеги кьезе суал камичIо гьесий:
«Щивав инсанасда куркьбал ратани,
Нижер куркьбал кирха ругел,
мугIалим?»

ЦIороберал рахъун, гьав мугIалимас,
Классалдехун вуссун
кIалъай гьабуна,
Гьесухъе руссун чIун,
ралагьарал ниж,
Щибаб рагIиялъухъ
гIинтIамун чIана.

«ЦIаларав чиясда рижула куркьбал,
Ва гьел рихьуларо кин свераниги,
ХIанчIазда хIулидул
куркьбал ратани,
Инсанасул куркьбал –
гIелму-лъай ккола».

БитIахъе абуни, дида бичIчIана,
Дир куркьбазул жеги
тIогь баккичIилан,
Гьел раккизе ккани,
гьаб къоялдасан,
РакIбацIцIадго дица дарсал гьарила!

**МухIамад САГIАДУЕВ,**
**ХIебда гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан**

■ СПОРТ

# ЧIорбутI речIчIиялъул къецал

**Бищун лъикIаздаса цояблъун исламалъ бихьизабун бугеб спорталъул тайпа- чIорбутI речIчIиялде къойидаса къойиде гъира цIикIкIунеб буго Дагъистаналдаги, гьединго, нилъер районалдаги.**




ГIолилазда гъорлъ чIорбутI речIчIиялъе бищун гьунар бугел тIатинарулел къецал тIоритIана нилъер районалда.

13-леб ноябралъ «Табук» абураб чIорбутI речIчIиялъул тиралда тIоритIарал къецазда гIахьаллъи гьабизе щвана нилъер районалдаса гIолилал ва лъимал. ЧIел босаразе ва призалъулал бакIал щваразе сайгъат гьаруна медалал, кубокал ва грамотаби.

ГIисиназул ва гIолилазул категориябазда бергьенлъи ва призалъулал бакIал росарал рукIана ТIелекь, КъахIиб, ТIидиб, Лъезда, ГьентIа, Ракьуб, ХIотода ва Гьоориб росулъа махщел бихьизабурал васал.

Турнир гIуцIиялъулъ гьабураб кумекалъухъ баркалаялъул кагъат кьуна «Табук» клубалъеги. Къецал гIуцIун рукIана «Ас-Сафра» клубалъ.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ ГIОЛИЛАЗУЛ ИШАЛ

# Жакъасел гIолилазул гIузраби ва гьезул букIинесеб

**16 ноябралъ МахIачхъалаялда «Россия-моя история» тарихияб паркалда тIобитIана районалъул хIаракатчагIи, жамгIиял ва диниял церехъаби данделъараб тадбир.**

«Жакъасел гIолилазул гIузраби ва гьезул букIинесеб» темаялда тIасан тIобитIараб дандчIвай гIуцIараллъун рукIана ДРМОО «Шамил районалъул гIолилал» гIуцIи.

Тадбиралда гIахьаллъана гIалимзаби МухIамадрасул СагIадуев, МухIаммад Сулейманов, ДРялъул бетIерасул гIакълучи Шамил ГIалиев, нилъер районалъул имам МахIмудафанди Думалаев, ДРялъул Лъайкьеялъул министерствоялъул хIалтIухъан ГъазимухIамад МухIумагъазиев ва районалъул машгьурал спортсменал.

ДандчIваялъул гIахьалчагIазе рес букIана гьалбадерий бокьараб суал кьезе ва малъа-хъваял тIалаб гьабизе. ГIемерисел суалал рукIана ригьнал рихьиялдаса, рос-лъадиязул букIине кколеб гьоркьоблъиялда сверухъ, диналда рекъараб ретIел-хьиталъул, хьвада-чIвадиялъул ва цогидалъул.

Тадбир нухда бачана ДГУялъул координациялъулаб централъул директор МухIаммад Юсуповас.

ДандчIваялда гьоркьоб лъуна ригьнаде руссине бокьаразе, гьелде хIадурлъизе ва исламияб малъа-хъвай щвезе гIолилазе чIорогояб курсал гьариялъул суал. Гьеб суал лъикIаблъун бихьун, курсал гIуцIиялда тIадрекъана МухIамадрасул СагIадуев.

Гьединго, гIахьалчагIаз гIолилазул дандчIваял цIикIкIун гьаризе бокьи загьир гьабуна районалъул имамасдехун. ХIажаталлъун ругел тадбирал зама-заманалдаса гьаризе ругин абуна МахIмудафанди Думалаевас.

ДандчIваялъул ахиралда ДРМОО «Шамил районалъул гIолилал» гIуцIиялъул цIияв нухмалъулесулгун лъай-хъвай гьабуна. Гьеб хIалтIи бихьизабуна КъахIиса МухIамад Дибировасда хадуб.

Жавабчилъиялда гьеб хIалтIи цебеккун тIубалев вукIарав ХIажи МахIачевасе баркала загьир гьабуна ва ракIалдещвеялъе сайигъатал кьуна.

ЛъикIаб дугIаялдалъун ва гIахьалаб сураталдалъун лъугIизе тана гIолилазул дандчIвай.

**НИЖЕР МУХБИР**




■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

## Оперативно-профилактическое мероприятие «Нелегальный мигрант»

В целях стабилизации миграционной ситуации, повышения эффективности борьбы нелегальной миграцией, оздоровление криминогенной ситуации в Шамильском районе в период с 16.11 по 25.11.2022 года на территории обслуживаемого района проводится четвертый этап оперативно-профилактического мероприятия «Нелегальный мигрант», основными задачами которой являются:

- Выявление незаконной миграции на территории района, получение оперативной информации о готовящихся иностранцами терактах и иных противоправных деяниях, в том числе про-



поведующих, распространяющих идеи религиозного экстремизма.

- Выявление нелегальных мигрантов на их причастие к нарушениям уголовного, налогового и административного законодательства, а также незаконного привлечения иностранных граждан к занятию трудовой деятельности гражданами Российской Федерации. В этой связи убедительная просьба граждан района оказать содействие сотрудникам полиции в получении значимой информации в отношении указанных категорий лиц.

**Тел.+7(8725)92-23-08**

**ОМВД России по Шамильскому району**


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ кьимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50